

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

20 NOVANM 2003

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Jodi a w ap pran Twazyèm Pati egzamen an.

Twazyèm Pati a baze sou plizyè dokiman.

Seksyon A nan **Twazyèm Pati** a gen dokiman yo ladan li. Chak dokiman yo gen youn oswa plis pase yon kesyon apre yo. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a. Ou dwe sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo, pou ede w ekri redaksyon an.

Seksyon B nan **Twazyèm Pati** a gen yon kesyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv pou ek ri repons ki apa a, koumanse depi nan premye paj la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Dezyèm Liv la epi ekri redaksyon ou an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L

Copyright 2003

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN

Esplikasyon: Travay yo mande w fè anba la a baze sou dokiman 1 jiska 6. Travay sa a yo mande w fè a, se pou teste kapasite w pou travay avèk dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn tout kesyon yo apre chak dokiman. Sèvi avèk repons ou jwenn pou kesyon ou yo, pou ede w ekri redaksyon w lan.

Kontèks Istorik:

Pandan ane 1800 yo ak premye ane nan 1900 yo, gen anpil moun ki te vin angaje nan kesyon egalite dwa pou fanm lan, nan Etazini. Moun New York yo te jwe yon wòl enpòtan nan batay pou egalite sa a.

Travay ou gen pou fè:

Pou Pati A a, li **chak** dokiman byen, epi reponn kesyon an osnon kesyon yo apre chak dokiman. Apre sa, li esplikasyon pou Pati B a, epi ekri redaksyon w lan.

Pou Pati B a, sèvi avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A, avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi ak konesans ou genyen nan syans sosyal pou w rive ekri yon redaksyon byen òganize. Nan redaksyon ou lan, ou dwe:


- Esplike kouman moun New York yo, ansanm ak moun lòt kote, te travay pou dwa fanm.

Pati A

Kesyon pou bay repons kout

Esplikasyon: Li chak dokiman epi reponn kesyon yo mande apre chak dokiman, nan plas yo kite pou ekri repons la.

Dokiman 1



Sous: *The Rights of Woman: Celebrating in 1998 What Began in Seneca Falls in 1848*, Sosyete Istorik Seneca Falls (adapte)

. . . An 1848, [Lucretia] Mott ak [Elizabeth Cady] Stanton te òganize premye konvansyon sou dwa fanm nan Etazini. Yo te fè reyinyon sa a, kote ni fanm ni gason te vini, tou pre kay Stanton nan Seneca Falls, New York. Lè evennman sa a te fini apre de jou, patisipan nan konferans yo te pibliye yon «Deklarasyon Santiman» (*Declaration of Sentiments*). Dokiman sa a te baze sou Deklarasyon Endependans lan. Sèlman, pase pou li te di «tout gason fèt egal», Deklarasyon Santiman an te di «tout gason ak tout fanm fèt egal». Li te di tou fanm merite gen dwa pou yo vote. . .

Sous: Miles Harvey, *Women's Voting Rights*, Children's Press (adapte)

1a Ki evennman ki te rive nan Seneca Falls an jiyè 1848? [0.5]

Nòt

b Kisa ki te objektif evennman sa a? [0.5]

Nòt

Dokiman 2

Susan B. Anthony



An mezi enterè Susan B. Anthony nan dwa fanm tap vin pi fò, li te koumanse vwayaje nan New York pou fè konferans [fè diskou] ak pou sikile petisyon. Anpil fwa, li te genyen pou l klouwe afich nan chak ti vil pou fè konnen li pral fè konferans yo.

Sous: Albert Lewis Lindel ak Darlene E.R. Resling, *Susan B. Anthony*, Educational Patterns, Inc. (adapte)

2 Dapre dokiman sa a, nonmen *de* (2) jan Susan B. Anthony te fè moun konnen bezwen pou rekonèt dwa fanm. [0.5, 0.5]

(1) _____ Nòt

(2) _____ Nòt



... Nan dat 11 janvye 1871 – pou premye fwa nan istwa Etazini – yo te pèmèt yon fanm pran lapawòl devan yon komite nan Kongrè. Oratè a se pat Elizabeth Cady Stanton ni Susan B. Anthony, men se te yon moun karismatik [ki gen cham] ki te fenk antre nan mouvman fanm lan – Victoria Claflin Woodhull. Menm jan ak Francis ak Virginia Minor, li soutni fanm te deja gen dwa pou vote dapre Katòzyèm ak Kenzyèm Amanman yo. Li di konsa yo pat bezwen yon nouvo amannman, depi Kongrè te pase yon Atik [yon lwa] Deklaratwa ki pèmèt fanm vote ...

Sous: G. Ward ak K. Burns, *Not For Ourselves Alone*, Alfred A. Knopf (adapte)

WOODHULL & CLAFLIN'S WEEKLY.

Pwogrè: libète panse! Pa mete lavi moun nan chenn!
N ap fè wout pou jenerasyon demen yo.

Volim 2 - Nimewo 23 Tout Nimewo 49 la Nouyok, 22 avril 1871 Pri: dis santim

VICTORIA C. WOODHULL & TERRY & CLAFLIN
PUBLISHERS AND PROPRIETORS

WOODHULL & CLAFLIN'S WEEKLY

Premye bilten vòt pou fanm
Katòzyèm amannman an koumansè fè travay li
Ki moun ki kapab rete?!

Pati kosmopolit
Kandida deziye pou prezidan Etazini an 1872

VICTORIA C. WOODHULL

A kondisyon lil ratifye nan Konvansyon nasyonal la

Ebdomadè Woodhull & Claflin (*Woodhull & Claflin's Weekly*) se te yon jounal Victoria Claflin Woodhull te pibliye ansanm ak sè l, Virginia Claflin.

An 1872, Victoria Woodhull te premye fanm ki te poze kandidati l pou vin prezidan Etazini.

3 Nonmen *twa* jan Victoria Woodhull te sipòte dwa fanm. [0.5, 0.5, 0.5]

- (1) _____ Nòt
- (2) _____ Nòt
- (3) _____ Nòt

Dokiman 4

FANM KI TE GEN ASE KOURAJ POU SA.

Fen jijman Susan B. Anthony

OPINYON AK DESIZYON JIJ HINT.

Katòzyèm amannman an
pa bay fanm dwa vote.

Aksyon Madan Anthony a se
yon enfraksyon kont lalwa.

Opinyon total sou fòs
ak pòte amannman yo.

YON VÈDIK KILPABILITE.

Chanpyon dwa fanm lan ap tann santans
li ak sakrifis li kòm yon mati kòz la.

CANANDAIGUA, N.Y., 18 jen 1873

Lè sal tribinal la te ouvri jou maten sa a, te gen
yon piblik atantif ki te anvayi li ankò paske yo
te vin swiv lòt pwogrè anplis ki tap fèt nan
jijman Madan Anthony an.

Sous: G. Ward ak K. Burns, *Not For
Ourselves Alone*, Alfred A. Knopf (adapte)

. . . Malgre divizyon an [an de (2) gwoup separe], mouvman pou vòt la te kontinye pran plis popilarite. An 1872, Pati Repiblikan an – ki te premye gwoup politik nan peyi a lè sa a – te di li gen «obligasyon [devwa] pou l sipòte fanm lwayal nan Etazini yo». Pandan menm ane a, Victoria Woodhull te premye fanm ki te poze kandidati l pou vin prezidan Etazini. Gen anpil fanm nan tout peyi a ki te eseye vote, menm si sa te ilegal. Youn ladan yo, se te Susan B. Anthony, yo te arete apre li te depoze bilten vòt li nan Rochester, New York. Apre sa, gen yon jij ki te kondane l pou l peye san dola, epi li te refize peye. . . .

Sous: Miles Harvey, *Women's Voting Rights*, Children's Press (adapte)

- 4 Dapre dokiman sa a, di **youn** nan aksyon Susan B. Anthony te fè pou sipòte dwa fanm. [0.5]

Nòt

Dokiman 5



Sous: Miles Harvey, *Women's Voting Rights*, Children's Press

Ni gason, ni fanm te mache nan parad oswa pote pankat. Gen anpil moun ki te ale nan parad sa yo.

5 Dapre dokiman sa a, di *de* (2) jan moun te montre yo sipòte dwa fanm. [0.5, 0.5]

(1) _____ Nòt

(2) _____ Nòt

Dokiman 6



Sous: UPI/Bettmann (adapte)

... Kididonk, Alice Paul ak zanmi l yo koumanse yon kanpay pou fòse politisyen gason yo sipòte dwa fanm. Pandan plizyè mwa, yo òganize manifestasyon 24rè sou 24 devan Kay Blanch lan (*White House*), kote yo te konn mare kò yo ak chenn nan kloti a. Lè yo te arete yo - yon bagay ki te konn fèt souvan - yo te refize manje. Gen lòt feminis [sipòtè dwa fanm] ki te santi yo wont pou taktik sa yo, epi ki te predi yo pa ta pral bay okenn rezilta. Men sèlman, [Alice] Paul ak zanmi l yo te bay prèv moun ki tap kritike yo te gen tò. Demonstrasyon yo te konn fè yo te jwenn anpil piblisite [atansyon piblik] nan jounal yo, epi sa te lakòz pi plis sipò toujou pou mouvman vòt la. Gen anpil politisyen - pami yo, te gen prezidan Woodrow Wilson - ki te fini pa sipòte mouvman pou rekonèt dwa pou fanm vote a. . . .

Sous: Miles Harvey, *Women's Voting Rights*, Children's Press (adapte)

6a Dapre dokiman sa a, ki moun Alice Paul tap eseye enterese nan dwa fanm yo? [0.5]

Nòt

b Dapre dokiman sa a, di *youn* nan aksyon Alice Paul ak zanmi l yo te fè pou kapte atansyon moun pou kòz yo tap defann lan. [0.5]

Nòt

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III A Score _____

Maximum Total is 6 Points

Pati B

Redaksyon

Esplikasyon: Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A a, epi konesans ou genyen nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize.

Kontèks Istorik:

Pandan ane 1800 yo ak premye ane nan 1900 yo, gen anpil moun ki te vin angaje nan kesyon egalite dwa pou fanm lan, nan Etazini. Moun New York yo te jwe yon wòl enpòtan nan batay pou egalite sa a.

Travay ou gen pou fè:

Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi avèk konesans ou genyen nan syans sosyal, pou ekri yon redaksyon kote ou:

- Esplike kouman moun New York yo, ansanm ak moun lòt kote, te travay pou dwa fanm.

Nan redaksyon w nan, sonje

- Esplike kouman moun New York yo, ansanm ak moun lòt kote, te travay pou dwa fanm.
- Mete yon entwodiksyon, bonjan eksplikasyon, ak yon konklizyon.
- Sèvi ak enfòmasyon ou jwenn nan omwens *kat* nan dokiman yo, pou repons ou a. Chak dokiman sou yon paj separe.
- Mete detay, egzanp, oswa rezon ki fè ou di sa w di yo.

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III B Score _____

Maximum Total is 4 Points

Non elèv la: _____

Non lekòl la: _____

PAJ POU EKRI PLAN

Ou mèt ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men sèlman pa ekri dènye redaksyon w nan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou an nan tiliv separe pou repons redaksyon yo ba ou a.

Kòmanse ekri vèsyon final redaksyon ou lan nan ti liv yo ba w pou w fè redaksyon an.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score (Maximum of 35 Points)	
Part II Score (Maximum of 14 Points)	
Part III A Score (Maximum of 6 Points)	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score (Maximum of 4 Points)	
Final Score (obtained from conversion chart) Scaled 0–100	